Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Гали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



Гумбет районалъул газета

№ 7 (6587) 5 февраль 2018 с. Итни Жумадул авал 1439 с. Багьа 5 гъур.

НОМЕРАЛДА РУГО:



ГIолилал нух къосун ккечIого рукIинелъун -2 гьум.



Киналго васаз чара гьечIого тезе кколеб нух -2 гьум.



Ракълилаб Дагъистан -4 гьум.



Къурбан ХIажиев бергьана Бразилиялдаса Джанейльсон Перейродаса -4 гьум.

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

## Газалдалъун хьезариялъул масъала

### Бакълъулазул районалда тIобитIана тIабигIияб газ бачиналъул суал гьоркьоб лъураб данделъи

**29 январалда Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас тIобитIана, кIвар бугел суалалги гьоркьоб лъун, хIалтIулаб совещание. Гьенир рорхана газ бачиналда хурхарал суалалги.**



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулги ва муниципалиял гIуцIабазул вакилзаби.

МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана идаралъе бачIараб 319 гIарзаялъул 205 тIубанин, гьездасан 8 гIарза буголъиялъул ихтиялъул, щугояб ракьалъул участкабазул хьвай-хъвагIай гьабиялда хурхараб букIанин. Рищиязул комиссиялъе хъулухъ гьабун, тIоритIун руго тестовиял цIехрехал.

Гумбет районалъул централияб больницаялъул бетIерав врачасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас бицана лъим гIунгутIиялда рарал масъалабазул, цо-цо дараби гьечIолъиялъул.

26 январалда ХIаримагIарда харил цIураб «Камаз» машина бегун, 3 тракторалъ гьеб бахьинабунин ва кваранлъи ккарав чи гьечIин лъазабуна «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас: абуна «МелъелтIа ва ЦIиликь росабалъе щвана халгьаби тIобитIизе специалистал, тIабигIияб газ бачине бугеб бакIалъухъ балагьана. АхIун рукIана росабазул поселениязул бутIрул, газ бачунеб мехалъ кваркваланlдандчIвачIого рукIинелъун, масъалаби гьанжего дандразе. Росабазул бутIруз, специалистаз кьурал предложениязухъ ниж кIвар кьун балагьана», - абун.

Рамазан АхIмаднабиевас ахиралда хIасилал гьаруна ва киналго ахIана лъикIал хIасилал щвеялъе гIоло жигаралда хIалтIизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ФАП ва клуб цIигьариялъул суалал рорхана

### Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ гIадамал къабул гьаруна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас

**28 январалда Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, энергетикаялъул ва промышленносталъул рахъалъ подкомитеталъул председатель НурмухIамад ГIалиевас Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ къабул гьаруна гIадамал.**



«Сельсовет "Арадирихский"» росдал поселениялда гьорлъе кколел росабалъе хIалтIулаб сапаралда гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев, полициялъул генерал ГIали МухIамадов, депутатасул кумекчи ГIалихан Бегаев, информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов, поселениялъул бетIер Камил Шапиев ва цогидалги.

Парламенталъул депутат щвана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалде ва дандчIвана мугIалимзабигун. «2018 соналъул январалдаса Россиялда цIикIкIана захIматалъул мухь, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялдаги бихьизабуна мугIалимзабазе харжал цIикIкIинаризе.

Школа ккола пачалихъалъул къучI, гьениб тарбия щола улкаялъул махщалилазе ва граждаоназе. Улкаялъул гIумруялъулъ мугIалимзабазул къимат кьезе кIоларебгIан кIудияб кIвар буго. Дун вачIун вуго нужехъ гIенеккизе, хIаракат бахъизе буго нужер суалал тIураялъе кумек гьабизе», - ян абуна НурмухIамад ГIалиевас.

«Сельсовет "Арадирихский"» росдал поселениялъул бетIерасул кабинеталъуб НурмухIамад ГIалиевас гIадамал къабул гьаруна. ДепутатасухIе гIадамал рачIана социалиял, лъайкьеялъул, маданиял, аграриял, предпринимательлъиялъул ва цогидалги суалалгун.

ТIаса Гьарадирихъ росулъа ПатIимат Ражабовалъ гIарз бахъана Венгриялъул лъугьабахъиназул гIахьалчи Шамсулвар Расуловасул лъади ГIайшат Маликовалъул рукъалъул шартIал лъикIлъизариялъул суал халат бахъунеб бугилан. Депутатас рагIи кьуна гьеб суал ва цогидал масъалаби тIуразе кумек гьабизелъун Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялде ине.

МухIамад Жамалудинов вачIана фермерлъиялъул магIишат цебетIезабиялъе квербакъи гьабеян. Мебель гьабулеб «Ицла» фабрикаялъе нухмалъулев ХIассан Халипаевас цебе лъуна гьитIинаб ва гьоркьохъеб предпринимательлъиялъул рахъкквеялъул суал. НурмухIамад ГIалиевас телефоналдасан бухьен ккуна Дагъистан Республикаялъул предпринимательлъиялъул ва инвестициязул рахъалъ агентствоялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев Башир МухIамадовасулгун ва гьеб суал жиндирго хъаравуллъиялде босана.

Бакьулъ Гьарадирихъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев БагьавудинМухIамадовас депутатасда гьарана клубалъе цIияб мина баялъе кумек гьабеян, басрияб мина биххун инехъин бугилан. Депутатас ахIана Дагъистаналъул культураялъул министр Зарема Бутаевалъухъе. Гьелъ рагIи кьуна клубалъул минаялъе ремонт гьабизе сурсатал ратизе.

ГIадамал къабул гьарулаго, гьединго рорхана суалал гьанжесел тIалабазе дандекколедухъ шартIал гьечIеб фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктalъул минаялъе капиталияб ремонт гьабизе ккеялъул. Роспотребназоралъги лъазабун буго гьелъие ремонт гьабеян. ФАПалъул мина хIинкъи бугеб хIалалда буго, тIох гIекколеб, чIабаралда ккал чIван, къадал къватIун руго. Депутатас рагIи кьуна гьеб масъала тIубазабиялъе бажарараб кумек гьабизе.

НурмухIамад ГIалиевас Бакьулъ Гьарадирихъ росдал гIадамазулгун дандчIваялда бицана 2018 соналъул 18 марталда Россиялъул президент вищизе тIоритIизе ругел рищиязул кIвараллъул, гьел ахIана гьаркьал кьеялда хIаракатчилъи бихьизабизе.

**ГIизудинил ХIамзат, Къурмагьиз ХIадисова**

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса Пали-хIажи

№ 7 5 февраль 2018 с.

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

# ГIолилал нух къосун ккечIого рукIинелъун

### ГIолохъанаб гIелалъул тIалабалда

**Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана гIолилазул жигарчагIазулгун ва диниял церехъабазулгун районалъул нухмалъулезул дандчIвай.**

Гъеб тадбиралда гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев, ришватчилъиялда данде къеркьеялъул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиев, районалъул имам Юнус Темирсултанов, балугъалъиялде рахинчIезда гъоркьоб хIалтIи гъабиялъул административияб комиссиялъул секретарь Рашид ХIабибов, АТКялъул член Абакар Абакаров ва цогидалги.

ХIалтIулаб дандчIвай рагъана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас.

«Гумбеталдаса рахъана машгъурал диниял ва пачалихъияв хIаракатчагIи, гIалимзаби, хъвадарухъаби, захIматалъул церехъаби. РухIиябгун лъикIаб гIамалхасияталъул тарбиялде районалда хасаб кIвар кьолеб буго. ЦокIалаб, гъоркьоса къотIичIеб, цадахъ рекъон гъабулеб хIалтIуца нилъер ракь машгъураб буго ракьлил, унго-унгояб исламияб, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеология хIажат гьечIеблъун рикIкIунеб бакI хIисабалда. Районалъул гIолилаз кIудияб бутIа лъуна ва лъолеб буго гIагараб ракь цебетIезабиялъулъ, жамгIиябгун политикияб лъикIаб ахIвал-хIал чIезабиялъулъ. Гьел рикIкIад чIчIун руго экстремизмалдаса, терроризмалдаса, сахлъи щулалъизелъун, гIолилал хьвадулел руго спортзалазде. Гумбет районалъул нухмалъулез хадубккунги гIумруялде бахъинабизе буго гIолилазул политика», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.



Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас бицана ришватчилъиялъул зараралъул, законалдеги, динияб рахъалъеги гьелъул дандеккунгутIиялъул.

Данделъиялда гIуцIана хIалтIулаб группа нухмалъиялъулги гIолилазул гIуцIабазулги цадахъ рекъараб хIалтIи букIинабизе. ГIагараб заманалда тIобитIизе буго данделъи, росабазул бутIрул ва имамзаби гIахьал гьарун, гIолилазул политикаялъул суалазда хурхун. ГIолилазул гъира буго жидерго масъалаби тIуразе, росабалъ шартIал лъикIлъизаризе, гIадамал хIалтIудалъун хьезари цебетIезабизе.

Районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас гIолилазул вакилзабазда абуна халкъалъул лъикIал байбихьиязул, хIаракатчилъиялъул, проектазул рахъкквеялъе, районалъул нухмалъиялъ жигараб хIалтIи гIуцIизе бугилан.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ…

# Лъимал пикру гъабизе куцай

### Проектазулаб хIаракатчилъиялъул бицараб данделъи тIобитIана Игъали школалда

**Гумбет районалъул Игъали гъоркьохъеб школалда тIобитIана, проектазулаб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ суал гъоркьоб лъураб, школазул нухмалъулезул данделъи.**

Тадбиралда гIахьаллъана Гумбет районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, гьесул заместитель Муса КъурамухIамадов, информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов ва цогидалги.

Данделъиялда кIалъазе рахъана Игъали гъоркьохъеб школалъул нухмалъулев СагIид МухIамадов, Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб ТIад Инхо гъоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад Юсупов, ЛъаратIа гъоркьохъеб школалъул нухмалъулев Гъайирбег ХIусенов ва цогидалги.

Игъали гъоркьохъеб школалъул ва лъайкьеялъул цогидал учреждениязул мугIалимзабаз лъималазулгун хIалтIи гIуцIиялъул хIалбихьи гIахьал гьабуна ва цIалдохъабазул проектал рихьизаруна.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Ккараб къо борхизе шартIал гIуцIи

### ХIинкъи гьечIолъиялъул культураялъул сон тIобитIиялъул суал

**30 январалда Россиялъул халкъалъул гIадатияб маданияталъул централда тIобитIана маданиял хIалтIухъабазул данделъи. Гьенир гъоркьор лъуна «2018 соналда Гумбет районалъул маданиял учреждениязда хIинкъи гьечIолъиялъул культураялъул сон тIобитIиялде хIадурлъи гъабиялъул ва гьеб тIобитIиялъул хIакъалъулъ», «Гумбет районалъул терроризмалда данде чIараб комиссиялъул хIалтIул план гъоркьоб лъей ва гIумруялде бахъинаби , 2018 соналда муниципалияб районалда терроризмалъул идеологиялда данде къеркьеялъул комплексияб программаялъулгун лъай-хъвай гъаби».**



ТIоцебесеб суалалда тIасан доклад ГО ЧСалъул Гумбет районалда вугев вакил ГIабдурахIман Дайтмирзаевас, кIиабилеб суалалда тIасан – «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул терроризмалда данде чIараб комиссиялъул жавабияв секретарь Расул Даитбеговас гъабуна.

Данделъиялда хIасилал гъаруна клубалъулал учреждениязда 2017 соналъ гъабураб хIалтIул, бицана 2018 соналъе масъалабазул, лъай-хъвай гъабуна районалъул гIуцIабазулгун маданиял учреждениязда цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIиялъул планазулгун.

Данделъи бачана районалъул администрациялъул культураялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIумардибировас.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул методист Бика ГIабдулхIалимова, гьеб централъул специалист Рапият УхIумагIалиева, музеялъул хIалтIухъан Саният ГIабдулаева, Бакьулъ Гъарадирихъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев Багъавудин МухIамадов, ИчичIали росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев МухIамад Ханахъаев ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ТIоцебесеб лъимер, кIиабилеб лъимер…

### МФЦялъул Бакълъулазул районалда бугеб филиалалда – халкъалъе хъулухъ гъабиялъул рахъалъ данделъи

**Филиалалъул хIалтIухъабиги гIахьаллъун, тIобитIараб данделъиялда, гъоркьор лъуна пачалихъиял ва муниципалиял цIиял хъулухъал гъариялда хурхарал суалал.**

«Баянаб букIахъе, 2018 соналъул 19 январалдаса байбихьун, МФЦялъул филиалалда кьабул гьарулел руго 2018 соналъул 1 январалдаса гьабураб тIоцебесеб лъимералъе (васлъун, яслъун гьабуралъеги) щибаб моцIилаб выплата кьеялъе документал. Дагъистан Республикаялда 2018 соналъе щибаб моцIилаб пособие чIезабун буго 9774 гъурущ. ТIоцебесеб лъимералъе гьеб кьола социалияб хьезариялъул отделалъ, кIиабилеб лъимералъе выплата кьола эбелалъул капиталалда тIасан», - ян бицана филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

Филиалалдасан хъулухъ гъабиялъул къагIидабазул, хIажалъулел документазул, гьел кьеялъул болжалалъул хIакъалъулъ баянал лъазе бокьарас ахIизе бегьула 89387778292 телефоналъул номералде.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Киналго васаз чара гьечIого тезе кколеб нух

### Байбихьулаб рагъулаб учеталда гражданал лъей

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана, байбихьулаб рагъулаб учеталда гражданал лъеялъул хIакъалъулъ суал гъоркьоб лъураб данделъи. Гьеб рагъана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.**

Данделъиялда гIахьаллъана Казбек ва Гумбет районазул рагъулаб комиссариаталъул отделениялъул нухмалъулесул кIудияв кумекчи Шамил ДибирхIажиев, комиссариаталъул хIалтIухъан Мадина МухIамадова ва цогидалги.

Военкоматалъул вакилзабаз бицана гражданал байбихьулаб рагъулаб учеталда лъеялъул кIвараль.

«Школазда 90 цIалдохъанасул тIобитIизе ккола медицинаялъулаб халгьаби. Тохтурзабаз цIалдохъабазул сахлъиялъул, рагъулаб хъулухъалъе ярагъунел ругищан халгъабула. Военкоматалъул хIалтIухъабаз аскаразул кинаб тайпаялде ритIизе бегьулаян, гьезул бажариялъул халгъабула тестазул кумекалдалъун. 16 сон барал гIолилазе, рагъулаб учеталда лъедал кьола приписное свидетельство. Законалда рекъон, рагъулаб учеталда лъей тIадаб иш буго ва гьел свидетельстваби щвечIел гIолилал тIадегIанал цIалул заведениязде ва хIалтIуде росуларо», - ян абуна Шамил ДибирхIажиевас.



Байбихьулаб рагъулаб учеталда гражданал лъеялъул кIвар бичIчIизабизе военкоматалъул хIалтIухъабаз данделъи тIобитIана МелъелтIа гъоркьохъеб школалдаги.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Аргванинский”»

### Решение:

**от 29. 12. 2017 г. № 19**

Утвердить бюджет АСП «Сельсовет “Аргванинский”» на 2018 год в размере 4854,0 тыс. рублей, и плановый период на 2019 год в размере 3844,0 тыс. рублей, на 2020 год в размере 3695,0 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 3820,0 | 3074,0 | 2920,0 |
| Субвенция | 81,0 | 81,0 | 84,0 |
| Субсидия | 267,0 | | |
| Собственные доходы | 686,0 | 689,0 | 691,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 140,0 | 143,0 | 145,0 |
| ЕСХН | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| Земельный налог | 391,0 | 391,0 | 391,0 |
| Имущественный | 150,0 | 150,0 | 150,0 |
| **ИТОГО:** | **4854,0** | **3844,0** | **3695,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 2297 | 2028,0 | 2050,0 |
| б) | МКУК | 858,0 | 825,0 | 821,0 |
| в) | ВУС | 70,0 | 70,0 | 73,0 |
| г) | ЗАГС | 11,0 | 11,0 | 11,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 32,0 | 20,0 | 20,0 |
| ж) | Молодежная политика | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 1566,0 | 900,0 | 700,0 |
| | **ИТОГО:** | **4854,0** | **3874,0** | **3695,0** |

**Председатель сельского Собрания Ш. Р. Нурмагомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

### Решение:

**от 29. 12. 2017 г. № 7**

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» на 2018 год и плановый период на 2019-2020 годов.

| | **2018 год** | **2019 год** | **2020 год** |
|---|---|---|---|
| **Доходы:** | **1841** | **1429** | **1371** |
| **а)** Собственные доходы | 118 | 118 | 119 |
| 1. Налог на доходы физ. лиц | 15 | 15 | 16 |
| 2. Налог на имущество | 17 | 17 | 17 |
| 3. Зем. налог | 78 | 78 | 78 |
| 4. ЕСНХ | 8 | 8 | 8 |
| б) Дотация | 1539 | 1239 | 1177 |
| в) Субвенция | 72 | 72 | 75 |
| **Расход по учреждениям** | **1841** | **1429** | **1371** |
| 1. Аппарат управления | 1069 | 747 | 747 |
| 2. Культура | 700 | 610 | 552 |
| 3. ВУС | 70 | 70 | 70 |
| 4. ЗАГС | 2 | 2 | 2 |
| **ИТОГО:** | **1841** | **1429** | **1371** |

**Председатель сельского Собрания А. Н. Набигулаев**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Данух»

### Решение № 09

**от « 30» декабря 2017 г. сел. Данух**

**Собрание депутатов постановляет:**

Утвердить бюджет сельского поселения «Село Данух» на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов.

**1. Доходная часть**

| **Вид доходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2172,0 | 1748,0 | 1661,0 |
| Налог на доходы физ. лиц | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| Налог на имущество физ. лиц | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| Земельный налог | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| ЕСН | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| Субвенция | 73,0 | 73,0 | 76,0 |
| Субсидия | 154 | 0 | 0 |
| **ВСЕГО:** | **2473,0** | **1895,0** | **1811,0** |

**Расходная часть**

| **Вид расходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1587,0 | 1124,0 | 1060,0 |
| Учреждения культуры | 572,0 | 568,0 | 550,0 |
| ВУС | 70,0 | 70,0 | 73,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 211,0 | 100,0 | 95,0 |
| Молодежная политика | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| ЗАГС | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| **ВСЕГО:** | **2473,0** | **1895,0** | **1811,0** |

**Председатель сельского Собрания М. И. Курбаналиев**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Ингиши»

### Решение № 5

**от « 30» декабря 2017 г. сел. Ингиши**

**Собрание депутатов постановляет:**

Утвердить бюджет сельского поселения «Село Ингиши» на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов.

**1. Доходная часть**

| **Вид доходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2096,0 | 1687,0 | 1603,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 17,0 | 17,0 | 18,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 21,0 | 21,0 | 21,0 |
| Земельный налог | 157,0 | 157,0 | 157,0 |
| Субсидия | 149,0 | | |
| Субвенция | 64,0 | 64,0 | 66,0 |
| **ВСЕГО:** | **2504,0** | **1946,0** | **1865,0** |

**2. Расходная часть**

| **Вид расходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1369,0 | 1250,0 | 1200,0 |
| Учреждения культуры | 635,0 | 500,0 | 450,0 |
| ВУС | 61,0 | 61,0 | 63,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 400,0 | 100,0 | 119,0 |
| Молодежная политика | 12,0 | 12,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 24,0 | 20,0 | 20,0 |
| ЗАГС | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| **ВСЕГО:** | **2504,0** | **1946,0** | **1865,0** |

**Председатель сельского Собрания К. Ю. Бибулатов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Тлярата»

### Решение № 12

**от « 29» декабря 2017 г. сел. Тлярата**

Утвердить бюджет МО сельского поселения «село Тлярата» на 2018 год в размере 1584,0 тыс. рублей, и плановый период на 2019 год в размере 1224,0 тыс. рублей, на 2020 год в размере 1172,0 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | **2018 г.** | **2019г.** | **2020г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1342,0 | 1081,0 | 1026,0 |
| Субвенция | 63,0 | 63,0 | 65,0 |
| Собственные доходы | 80,0 | 80,0 | 81,0 |
| Субсидия | 99,0 | | |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 18,0 | 18,0 | 19,0 |
| ЕСХН | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| Земельный налог | 41,0 | 41,0 | 39,0 |
| Имущественный | 19,0 | 19,0 | 19,0 |
| **ИТОГО:** | **1584,0** | **1224,0** | **1172,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1089,0 | 781,0 | 781,0 |
| б) | МКУК | 367,0 | 375,0 | 324,0 |
| в) | ВУС | 61,0 | 61,0 | 63,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 10,0 | ,0 | ,0 |
| ж) | Молодежная политика | 5,0 | ,0 | ,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 50,0 | ,0 | ,0 |
| и) | ЗАГС | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| | **ИТОГО:** | **1584,0** | **1224,0** | **1172,0** |

**Председатель Собрания А. М. Залумханов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

### Решение № 07

**от « 29» декабря 2017 г. село Гадари**

Собрание депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «село Гадари» на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов.

**1. Доходная часть**

| **Вид доходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 995,0 | 804,0 | 764,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| Земельный налог | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| Субсидия | 72,0 | | |
| Субвенция | 62,0 | 62,0 | 64,0 |
| **ВСЕГО:** | **1159,0** | **896,0** | **858,0** |

**2. Расходная часть**

| Вид расходов | 2018 г. | 2019 г. | 2020 г. |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 901,0 | 756,0 | 736,0 |
| ВУС | 61,0 | 61,0 | 63,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 181,0 | 63,0 | 43,0 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ФК и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| ЗАГС | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| **ВСЕГО:** | **1159,0** | **896,0** | **858,0** |

**Председатель Собрания М. Ю. Магомедов**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

## Ракълилаб Дагъистан

### Гъоркь Инхо школалда – терроралда дандечIараб тадбир

**Гумбет районалъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас, Дагъистан Республикаялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул МугIрузул территориалияб округалда вугев нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадовасгун цадахъ Гъоркь Инхо гъоркьохъеб школалъул 8-11 классазул цIалдохъабазулгун дандчIвай тIобитIана.**

Гьенир гIахьаллъаразда МухIамад Зубайировас бихьизабуна «Ракълилаб Дагъистан» абураб проект. Бицана терроризмалъул зараталъул, гьелъ хвел, зулму-хIал, балагьал тIаде рачунеблъи.

Хадув кIалъазе вахьана МухIамадгIариф МухIамадов. Гьес гIолеб гIелалда бицана щивав бусурманчияс, бусурманчIужуялъ гьваридаб лъай щвезе хIаракат бахъизе ккеялъул.

**Гумбет районалъул гIолилазул центр**

НУХ КЬЕ, НУХ КЬЕ, КЬУРАБИ

## Футболалъул чемпионат – исана апрелалда

### Бакълъулазул районалда тIоритIулел руго гIолилазда гьоркьор мини-футболалъул къецал

**Мини-футболалъул тIоцебесеб хIай тIобитIана Гъоркь Инхо росулъ. Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас турнир рагьун кIалъай гьабуна ва абуна гьеб тадбир тIобитIулеб бугин районалъул батIибатIиял росабазул гIолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи мурадалдаян.**

Гъоркь Инхо росдал гIолилазул вакил МухIамадгIали МусахIажиевас хIазе рачIаразда ва гьалбадерида баркана турнир рагьи, божильи загьир гьабуна Гумбеталда мини-футболалъе хадубккунги цебетIей щвеялъе квербакъизе букIиналда.

Мини-футболалъул къецал тIоритIулел руго Гумбеталдаса эхе мухъалъе гочарал гIадамал ругел росабалъги.

Гьел руго Гумбет районалъул чемпионаталъе гIоло гьаб соналъул апрель моцIалъ тIоритIизе хIисабалде росарал къецазде хIадурлъиялъулаб бутIа.

**Гумбет районалъул гIолилазул центр**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ…

## Къурбан ХIажиев бергьана Бразилиялдаса Джанейльсон Перейродаса



**Гумбет районалъул Аргъвани росулъа речIчIухьан Къурбан ХIажиев бергьана 27 январалда Грозный шагьаралда тIобитIараб АСВ 79 турниралда. «Хъала» клубалъулав ва квер жубараб рагъул речIчIухьан Къурбаница ракIчIараб бергьенлъи босана Бразилиялдаса Джайнейльсон Перейройида тIад.**

Гумбет районалъул нухмалъулез баркулеб буго Къурбан ХIажиевасда иргадулаб бергьенлъи ва гьарулеб буго хадурккунги спорталъулъ тIадегIанал хIасилал.

**Гумбет районалъул гIолилазул центр**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

## МФЦ Дагестана заключил соглашение с «Дагипотекой»



**Документ о сотрудничестве между организациями подписали директор Республиканского МФЦ Осман Хасбулатов и гендиректор АО «Дагипотека» Даян Татаев.**

На встрече обсудили взаимодействие и порядок оказания услуги. После согласования методических пособий, представители агентства проведут обучение сотрудников МФЦ. Сразу после этого в центрах начнется прием заявок.

Во всех филиалах МФЦ будет доступна услуга по консультированию и приему заявок на предоставление ипотечных займов. Решение о предоставлении кредита выносится агентством. По итогам услуги, при положительном заключении, обратившийся в МФЦ заявитель получит направление в офис «Дагипотеки», для дальнейшего оформления ипотечного займа.

**МФЦ**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб «Гумбет» газета

### Идарабаз ва гIуцIабаз 2018 соналъе «Гумбет» газета хъваялъул баянал

| Учреждениял ва гIуцIаби | Редакциялдасан | Почалдасан |
|---|---|---|
| Маданияталъул центр | 27 | |
| Налогазул инспекция | 3 | |
| ОГИБДД | 3 | |
| РайОНО | 10 | |
| Ветуправление | 8 | |
| ДДТ | 3 | |
| ТИК | 1 | |
| Райадминистрация | 11 | 2 |
| Финансазул управление | 6 | |
| № 45 пожарнияб часть | 5 | |
| Мировой суд | 1 | |
| МФЦ | 10 | |
| УСЗН | 11 | |
| Суд | 5 | |
| Лъимalazул ах | 10 | |
| Райбиблиотека | 10 | |
| ЦСОН | 25 | |
| Росдал магIишаталъул отдел | 2 | |
| Архив | 1 | |
| ЗАГС | 1 | |
| ГОЧС | 2 | |
| Редакция | 14 | |
| Казначействоялъул отделение | 6 | |
| ЦСУ | 1 | |
| ЦЗН | 6 | |
| ЦIаналъ школа | 20 | |
| ЦIиликь школа | 20 | |
| МельъелтIа СОШ | 22 | 3 |
| ОПФР | | 11 |
| Поликлиника | | 7 |
| МельъелтIа ООШ | | 15 |
| МельъелтIа почта | | 2 |
| МельъелтIа АСП | | 4 |
| Полициялъул отдел | | 50 |

## Бизнес - окна МФЦ откроются в офисах Сбербанка



**Соглашение об этом сегодня подписали заместитель управляющего дагестанским отделением ПАО Сбербанка Михаил Айрапетян и директор Республиканского МФЦ Осман Хасбулатов.**

В рамках заключенного соглашения в отделениях банка появятся специальные центры оказания услуг (ЦОУ) для субъектов МСП.

В бизнес-окнах можно будет получить весь спектр услуг для представителей малого и среднего бизнеса. Сегодня этот перечень насчитывает порядка 180 видов, начиная с регистрации ИП, заканчивая сопровождением бизнеса. Также можно будет подключиться к Бизнес-навигатору МСП и оформить различные виды гос поддержки.

«Единые окна для оказания услуг бизнесу открываются с целью поддержки малого и среднего предпринимательства, отметил руководитель республиканского МФЦ Осман Хасбулатов. «Предприниматели смогут в одном месте получить государственные и муниципальные услуги, различные консультации, оформить необходимые документы. Это позволит сэкономить время и направить больше ресурсов на развитие своего бизнеса».

С сегодняшнего дня на площадках Сбербанка действуют 2 центра оказания услуг, в городах Каспийск и Махачкала. По мере востребованности их количество будет увеличиваться.

г. Каспийск ул. Генерала Омарова 2, г. Махачкала ул. Казбекова 39А

**МФЦ**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МельъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова,
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1145
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.